

*Life don beta...***EPISODE 10****CHARACTERS***Edogun**Grace**Ivie**Mr. Amadasun**Isoken**David*

---

**SCENE 1***Edogun's Family house. Evening.*

1. **SFX:** **CHILDREN PLAYING OFF MIC. SOUNDS OF A RESIDENTS AND A DOOR OPENS AND CLOSES ON MIC**
2. **GRACE:** **(SIGHS TIREDLY, ON MIC)** Edogun my husband. You dey house. I don tire wellwell, traffic bad no be small.
3. **EDOGUN:** **(ON)** Welcome my Gracie. How your people? Your brother Pullen nko?
4. **GRACE:** Dem dey o. Dey sey make I greet you.
5. **EDOGUN:** You branch market? Dat bag big o.
6. **GRACE:** Mmmm, dis one? Na Isoken bag.
7. **EDOGUN:** Isoken bag? Wetin you come dey do wit im bag? E no dey dier house?
8. **GRACE:** No oo, she dey downstairs. E go greet Beauty and im mama.
9. **EDOGUN:** Grace,wetin Isoken dey do here?
10. **GRACE:** Edogun,I bring am make e come live wit us.
11. **EDOGUN:** **(SHOCKED)** Ehen?
12. **GRACE:** No vex sey I no tell you before I bring am come.
13. **EDOGUN:** How you wan make we take care of am as you sef sabi sey na manage we dey manage.
14. **GRACE:** Edogun, we go still dey manage.

15. **EDOGUN:** Grace, you for don wait make tins beta small before you bring your broder pikin come here.
16. **GRACE:** I know but Efe use turning garri break im head. E even talk sey e go kill am.
17. **EDOGUN:** Ehen?!
18. **GRACE:** Yes o Edogun. If to sey I leave am der and sometin com do am, I no go forgive mysef.
19. **EDOGUN:** I understand but wer she go sleep? Wetin she go chop? Tins don hard enough for us already.
20. **GRACE:** Edogun, somehow we go manage. She be big girl. She fit find small somtin dey do wey she go take contribute to de family, no worry.
21. **EDOGUN:** You sure?
22. **GRACE:** Edogun, I sure. Dat girl life dey very important to me. I hope sey you go support me.
23. **EDOGUN:** Well, wetin I fit do ? she don come already. Make we just do our best.
24. **GRACE:** And Isoken na good girl I sure sey she no go give us headache
25. **EDOGUN:** I know. No wahala, I sure sey we go dey ok.
26. **GRACE:** **(HAPPILY)** Thank you Edogun. You be good husband
27. **MUSIC:** **BRIDGE UP AND UNDER....**

**SCENE 2****The Amadasun's residence**

28. **SFX:** **SOUND OF DOOR OPENING**
29. **IVIE:** **(CALLING OUT FROM OFF MIC)** Papa!... Papa!
30. **MR.AMADASUN:** **(ON MIC)** Ivie my daughter, How you dey?
31. **IVIE:** Good morning sir. Were you dey go dis early morning?
32. **MR.AMADASUN:** Na court I dey go so.
33. **IVIE:** For dis early time? And you neva even chop?
34. **MR.AMADASUN:** I nid torush go court Ivie... I wan attend to dis case wey dis Osifo people bring by mysef.
35. **IVIE:** Osifo? But wetin I hear be sey na one Green Land society get de case, no be dem Osifo.
36. **MR.AMADASUN:** My dear, David Osifo and Green Land society na de same six and six pence for wer I dey.
37. **IVIE:** **(GENTLY)** Papa?
38. **MR.AMADASUN:** Ivie, You wan tell me sey you no sabi sey na David Osifo be de oga of de campaign wey sey make we no develop de place?
39. **IVIE:** I know papa ,but you no tink sey David just dey do im, no be e dey against you?
40. **MR. AMADASUN:** **(SURPRISED)** Abi you dey support am?
41. **IVIE:** **(FEIGN DISGUST)** Support am? No oo! Why I go support am? Wetin I dey try talk be sey....
42. **MR.AMADASUN:** Ivie, no talk for dis people. Because dis na part of de bad bele wey dem get for us. And me, I don ready for dem.
43. **IVIE:** **(WORRIED)** So papa, If dem win dis case, e go affect us wellwell?
44. **MR.AMADASUN:** E go affect us no be small. I don put money on top dis project well well.
45. **IVIE:** **(THOUGHTFULLY)** Talk less of all de foreign investors
46. **MR.AMADASUN:** Oh Oh! Now you see wetin I don enter, make we no even begin dey talk de shop complex wey suppose do good for de community.

47. **IVIE:** Yes O.I even hear sey family planning center soppose dey de complex too. Ehen, they we no fit get anoda site to take build?
48. **MR.AMADASUN:** Mmmm. We don already put plenty money for dis site. Plus sey I no wan step down just because one Osifo boy wey too get ambition talk so.
49. **IVIE:** wetin govment dey talk? I bin tink sey dem be your partner for dis project.
50. **MR. AMADASUN:** Dem dey fear because of all de noise wey dat Osifo boy don make and you sabi sey election don dey come.
51. **IVIE:** (SADLY) So na only you wan fight dis fight.
52. **MR. AMADASUN:** Well, you dey my side plus including Elvis and your mama too. I no sey una go back me no mata wetin happen.
53. **IVIE:** (SUBDUED) I dey your back papa and I pray sey everytin go dey ok.
54. **MR.AMADASUN:** Thank you my darling pikin.I know sey you dey tink beta for me!
55. **IVIE:** I Love you papa
56. **SFX:** DOOR CLOSES
57. **MUSIC:** **BRIDGE MUSIC UP AND FADES UNDER**

**SCENE 3***Edogun's Family House. Morning*

58. **SFX:** **DOOR OPENS AND CLOSES**
59. **ISOKEN:** **(ON MIC)** Aunty Grace, welcome
60. **GRACE:** **(COMING ON MIC, TIREDLY)** Thank you Isoken.  
**(SURPRISED)** Ah ah? Isoken! Wetin you do to dis house?
61. **ISOKEN:** **(CHUCKLES NERVOUSLY)** I just clean everywhere.
62. **GRACE:** Ehen! I no believe. E be like sey na de whole day you spend o. You do well.
63. **ISOKEN:** Yes ma.
64. **GRACE:** My husband don come back ?
65. **ISOKEN:** No ma
66. **GRACE:** Good Make I quick make food before e go come back.
67. **ISOKEN:** I don already cook ma. Make I bring you own come?
68. **GRACE:** **(SURPRISED)** Ehen? **(CHUCKLES)** E be like sey you don do de whole work for house o!
69. **ISOKEN:** No ma. I wash all de clot but dem still dey wire. Wen e dry I go iron dem.
70. **GRACE:** **(SIGHS)** Isoken, sidown here
71. **ISOKEN:** No vex ma. Na de weada....
72. **GRACE:** **(INTERRUPTS GENTLY)** Isoken, see ehn, I no be Efe and you no be my house gal. No be sey I no appreciate wetin you do, but I get children and you soppose allow dem work too.
73. **ISOKEN:** **(SIGHS IN RELIEF)** Yes ma. Thank you ma
74. **GRACE:** Anyway, wetin you wan do for yourself?
75. **ISOKEN:** I no understand ma
76. **GRACE:** wetin you wan do for life? You wan learn work...
77. **ISOKEN:** I wan go university ma. I wan do lawyer
78. **GRACE:** But I hear sey you no pass your JAMB
79. **ISOKEN:** Yes ma. But I go do JAMB again next year

80. **GRACE:** In dat case, you must get small work because I no get money now. At least if you dey work, you fit save to buy de form next year. Your WAEC don complete abi?
81. **ISOKEN:** Yes ma. I pass my WAEC well well
82. **GRACE:** I hope sey you go fit get small work.
83. **ISOKEN:** Aunty Grace, even if na house girl work, I go do am.
84. **GRACE:** No worry,make I ask people, we go surly find sometin. I no like de way wey you just dey sidown for house.
85. **ISOKEN:** Thank you ma. I very grateful to you
86. **GRACE:** No problem Isoken. Tomorrow go beta for all of us.
87. **MUSIC:** **BRIDGE MUSIC UP AND FADES TO**

**Scene 4****David's office. Afternoon.**

88. **DAVID:** (CONCERNED) Ivie, wetin be dat?
89. **IVIE:** (TIGHTLY) Nothing. David, abeg do fast make we go.
90. **DAVID:** See,I sabi you wellwell Ivie. Your behavior don change.I dey sorry as I sey make you stop to dey use you family planning tablet. Na because I dey desperate for us to dey togeda.
91. **IVIE:** You don beg me reach one million time. I don hear and I don gree.
92. **DAVID:** Thank you honey. (TEASING) But you give me tough time no be small. You no gree pik my call, youe gree see me, I don dey tink sey I don lost you forever.
93. **IVIE:** No I still love you. I just no understand why you suggest dat kin tin. Family planning tablet don help us make we no enter de wahala sey I carry bele for inside dis family wahala wey we dey. I no get any problem wit am.
94. **DAVID:** I know sey I no do beta wen I talk dat talk. Honey I dey your side. We dey use de tablet till we don ready to born, till we marry.
95. **IVIE:** (MUTTERS) If we marry
96. **DAVID:** Ivie,wetin you mean by dat?
97. **IVIE:** Ehn... you sef no see am? We don already get problem as we dey so. But dis court case go kill us patapata, me I know.
98. **DAVID:** (UPSET) Ivie, I bin tink sey you don undastan sey no be sey I dey fight your papa. Na my work I dey do.
99. **IVIE:** But you dey fight my papa company. E bno go eva agree sey make we marry.
100. **DAVID:** Ivie, I ...
101. **SFX:** COMMOTION OUTSIDE THE OFFICE
102. **MR. AMADASUN:** Whey dat boy?
103. **IVIE:** God o!,No be my papa voice be dat?
104. **DAVID:** (INCREDULOUSLY) Your papa?
105. **SFX:** MORE COMMOTION OUTSIDE THE OFFICE

106. **IVIE:** Dat na my papa voice. (**PANICKY**) Hey God! Wer I go hide .
107. **DAVID:** (**BURSTS INTO LAUGHTER**) Ivie, if to sey you fit see how you dey do
108. **IVIE:** David, dis no be time for joke. Abeg wer I fit hide .
109. **DAVID:** Nowhere to hide my dear. Come on make we just tell am.
110. **IVIE:** No be like dis. Make I hide under your table.
111. **SFX:** **DOOR OPENS AND SNAPS SHUT**
112. **DAVID:** Ivie, don't ....
113. **SFX:** **DOOR BURSTS OPEN AMIDST COMMOTION**
114. **MR. AMADASUN:** Ehen, so na here you dey.
115. **VOICE:** Oga I tell am make e no enter but e....,
116. **DAVID:** No problem. Just close door.
117. **SFX:** **DOOR CLOSES**
118. **DAVID:** (**POLITELY**) Good afternoon Mr. Amadasun
119. **MR. AMADASUN:** (**ANGRILY**) Wetin good inside today, dis boy?
120. **DAVID:** Sir...
121. **MR. AMADASUN:** Look here dis boy, E go beta make you stop dis your nonsense court case against me because if you continue, you no go like wetin go happen.
122. **DAVID:** Mr. Amadasun, I hope sey you no dey thret me?
123. **MR. AMADASUN:** Boy, dis one no be thret. If you no stop dis youe nonsense, even your papa no go fit save you. Dat na promise.
124. **DAVID:** Dis no be personal mata sir. Na make our environment for beta.
125. **MR. AMADASUN:** Environment my foot
126. **DAVID:** Sir, de forest na public for public and we soppose protect am. Once we clear dat forest, e don go for life, we no fit get am back.
127. **MR. AMADASUN:** (**CHUCKLES CYNICALLY**) Oh oh oh! Na de tin wey your papa sey make you talk be dat ehn?
128. **DAVID:** My papa no get mouth for dis mata
129. **MR. AMADASUN:** You be proper lie lie like everybody wey dey your family.

130. **DAVID:** Sir, you dey insult my family...
131. **MR. AMADASUN:** So, wetin you wan do?
132. **DAVID:** Sir, I go suggest make you find anoda place go build your shops. Notin go touch dat forest, dat na my promise.
133. **MR. AMADASUN:** And I promise sey you go see peper. You and your whole family go suffer well . Nobody fit mess wit Amadasun.
134. **SFX:** **DOOR OPENS AND BANGS SHUT**
135. **DAVID:** **(CALLS OUT, TAPPING THE DESK)** Ivie, you fit come out now
136. **IVIE:** **(OFF MIC)** e don go?
137. **DAVID:** Yes
138. **IVIE:** E don go tru tru?
139. **DAVID:** Ehn! **(TIRED)** Hey! Na wah for your papa o.
140. **IVIE:** David, you see wetin I dey talk? My papa no go ever gree make we marry after this court case .
141. **MUSIC:** **BRIDGE MUSIC UP AND FADES TO**